

"Yo di ou fòk kay ou monte pou yo ba ou tòl la, men moun ki pa kapab ditou yo pa jwenn."

Fanm,
30-50ans, Bonbon, Grand Anse



"Ils nous ont dit que les murs de notre maison doivent être debout pour avoir des tôles, mais ceux qui n'arrivent pas à reconstruire du tout ne reçoivent aucune aide."

Fanm,
30-50ans, Bonbon, Grand Anse

ABRI / ABRIS

REPONS

Nan kad entèvansyon pou repons imanité ijans yo, òganizasyon yo gen mwayen ak finansman pou pote èd pou pèmèt sinistre yo repare kay yo, tankou tòl, prela, e pafwa menm tant ak zouti. Souvan, distribisyon yo pa vize moun ki gen kay yo kraze nèt, paske sa ki disponib nan kad distribisyon sa yo paka ede yo repare kay yo. Pou ka sa yo, se yon lòt kategori èd imanité.

RÉPONSE

Dans le cadre de la réponse humanitaire, les organisations internationales disposent de moyens et de financements pour aider les personnes sinistrés à réparer leurs maisons, en donnant des tôles, des bâches, et des fois des tentes ou des outils. Souvent, ces distributions ne ciblent pas les gens dont les maisons ont été complètement détruites, parce que ce qui est disponible dans ce type d'aide ne correspond pas à leur besoins et ne leur permettrait pas de réparer leur maison. Pour eux il faut un autre type d'aide.



" Gen gwo kè sote poutèt van kap soufle depi yè epi tou tout mesaj ap monte sou telefòn fè konnen se yon siklòn kap pi rèd pase Matye. Kesyon moun yo ap mande eske yo ka sipòte yon lòt siklòn ankò pandan yo poko menm ka fè anyen pou dega matye yo. "


 Gason,
30-50 ans, Cavaillon, Sud

" Yo di gen lòt siklòn kap vini "

 Fanm,
20-30 ans, Port-à-Piment, Sud



" Depuis hier on était très inquiet à cause du vent, et puis tous les messages que l'on recevait sur nos téléphones disaient que c'était un cyclone encore plus fort que Mathieu. La question que les gens se posent c'est, est ce qu'ils seraient capables de supporter un autre cyclone alors qu'ils n'ont pas encore été capable de faire grand-chose pour se relever après les dégâts causés par Mathieu. "

 Homme,
30-50 ans, Cavaillon, Sud

" On dit que d'autres cyclones vont venir "

 Femme,
20-30 ans, Port-à-Piment, Sud

CYCLONE / SIKLÒN

REPONS

Sezon siklonik kòmanse sòti premye jen pou rive 30 novanm, dapre espesyalis nan kesyon fenomèn natirel yo. Se pandan peryòd sa-a aktivite nan atmosfè-a kapab pwovoke siklòn. Avan ou apre peryòd sa, **kapab toujou gen lapli, e menm gwo lapli ak gwo van.** Kidonk, pwochen sezon siklonik lan ap kòmanse nan mwa jen pou rive mwa novanm 2017 la. Pou kounya, **pèsonn poko ka di si siklòn kap genyen nan peryòd sa a ap pase sou peyi Dayiti, ni ak ki vitès l'ap pase.** Toutfwa, li enpòtan pou toujou rete vijilan nan moman gwo lapli ap tonbe. **Rele veyatif chak fwa yo anonse siklòn.** Swiv konsiy otorite yo, tankou Direksyon pwoteksyon Sivil, nan radyo ak televizyon oubyen sou telefòn, pou pa viktim, si toutfwa yo ta anonse move tan. **Atansyon, fok nou verifye si se otorite yo ki voye mesaj yo.**

RÉPONSE


La saison cyclonique débute généralement le 1er juin jusqu'au 30 novembre, d'après les spécialistes des phénomènes naturels. Pendant cette période, il y a des conditions souvent favorables à la formation de cyclones. En dehors cette période, **il peut toujours y avoir des pluies, de fortes pluies et de gros vents.** Pour l'instant, **personne ne peut prédire qu'Haiti sera touchée dans la saison cyclonique 2017, encore moins, à quelle vitesse un cyclone passera.** Toutefois, il est important d'être toujours vigilant pendant le passage de fortes pluies. Quand un cyclone est annoncé il faut aussi **faire très attention et suivre les consignes des autorités,** notamment la direction de la protection civile à travers la radio ou la télévision, tout en **vérifiant que les messages proviennent bien des autorités.**



"*Se chabon nou vann. Men nou te konn vann li 350 goud kounya se 150 goud nou vann sak la.*"

 Fanm,
30-50 ans, Bonbon, Grand Anse

"*On vend du charbon. On avait l'habitude de le vendre 350 gourdes, maintenant on vend le sac à 150 gourdes.*"

 Femme,
30-50 ans, Bonbon, Grand Anse

CHABON/CHARBON

REPONS

Après siklòn lan, anpil kominote **afekte nan nivo aktivite ki te pèmèt yo viv** akòz jaden yo ki ravaje, ekipman lapèch yo ki detwi, ak tout bèt yo ki mouri. Sa ki lakoz anpil nan yo tonbe nan fè chabon bwa, nan lide pou kontinye viv epi sipòte fanmi yo. **Komès chabon bwa-a nou konstate-l nan preske tout komin ki te frape nan katastwòf la.** Sepandan, **akòz anpil moun ap vann li, pwodui-a vin anpil sou mache-a. Se sa ki lakoz pri chabon-an vin diminye. Gen anpil inisyativ ki pran pou pote repons ak domaj Matye koze nan mwayen egzistans kominote yo,** tankou distribisyon lajan, distribisyon zouti ak semans pou agrikiltè yo, travay pou lajan, yon manyè pou popilasyon-an kapab repare domaj sa yo.

RÉPONSE

Après le passage du cyclone Matthew, beaucoup de **communautés affectées** connaissent **des difficultés économiques** ne pouvant **plus mener leurs activités génératrices de revenus** ; leurs jardins sont ravagés, leurs équipements pour pêcher sont détruit, leurs bêtes sont mortes. Ainsi, pour survenir à leurs besoins, certains se sont lancés dans la production de charbon de bois. On a pu constater que **le commerce de charbon de bois a augmenté dans presque toutes les communes affectées** par le cyclone. Comme **beaucoup de gens vendent du charbon** il y en a beaucoup plus que d'habitude sur le marché. Ceci a causé **une diminution du prix du sac de charbon. De nombreuses initiatives visent à soulager les difficultés économiques causées par Matthew** comme de l'assistance financière, des distributions d'outils ou de semences pour les agriculteurs, ou encore des programmes de cash for work.



"Yo di si nou pa gen telefòn nou pap jwenn kòb la."

Fanm,
30-40 ans, Bonbon, Grand Anse



"On nous dit que si on a pas de téléphone, on ne recevra pas d'argent."

Femme,
30-40 ans, Bonbon, Grand Anse

LAJAN/CASH

REPONS

Asistans lajan ke yo bay moun ki afekte pa siklòn Matye **vin sou plizyè fòm**. Gen kèk òganizasyon ki itilize kat an papyè e gen lòt ki itilize telefòn selilè pou transfere lajan cash oubyen ant kont mobil. **Òganizasyon yo renmen metòd transfè lajan sou telefòn selilè** a paske **li efikas epi li asire**. Nan zòn kote li konplike pou fè transfè lajan fizikman, itilize mwayen telefòn yo diminye risk vòlè. **Òganizasyon ki bay asistans lajan fè sa apre yo fin evalye** teren an ak lè yo fin gen kritè patikilye ki detèmine ki moun ki kapab resevwa lajan an. An jeneral se moun yo idantifye kòm moun ki pi vilnerab ke yo chwazi pou yo bay asistans lajan an. Men si ou se yon moun kita dwe resevwa asistans lajan an selon kritè yo, epi ou pa gen telefòn sa pa ta dwe anpeche ou resevwa asistans lan. Sa ka rive tou nan kèk sikontans lòt mwayen pou yo ta bay asistans lajan san se pa sou telefòn yo pa posib akòz pwoblèm sekirite.

RÉPONSE

L'assistance en Cash donnée aux personnes affectées par le cyclone Mathieu **prend plusieurs formes**. Certaines organisations utilisent des cartes en papier, d'autres des cartes électroniques, et d'autres utilisent des téléphones portables pour transférer de l'argent en cash ou entre comptes mobiles. **Les organisations préfèrent la méthode de transfert d'argent avec les téléphones portables parce que c'est un moyen efficace et plus sûr** de donner de l'argent. Dans des endroits où c'est compliqué de faire des transferts d'argent en cash physiquement, l'usage de téléphone réduit les risques de vols. **Les organisations qui font de l'assistance en Cash le font après avoir fait des évaluations**, et ont des critères qui déterminent qui doit recevoir de l'assistance en cash. En général ce sont les personnes qui identifiées comme étant **les plus vulnérables qui sont priorisées**. Mais si vous répondez à ces critères, **ne pas avoir de téléphone ne devrait pas vous empêcher de recevoir de l'assistance en Cash**. Cela peut arriver que dans certains cas les autres moyens de donner de l'assistance en cash, autre qu'avec un téléphone ne puissent pas être possible à cause d'enjeux sécuritaires.